



Chè paran oswa responsab:

Chak ane, enfimyè lekòl ou a bezwen pou w ranpli **nouvo** fòm dyabèt yo epi pou oumenm ak doktè timoun lan siyen yo. Enfòmasyon ki ajou yo ap fè enfimyè lekòl la konnen si doktè w la fè chanjman nan ane ki sot pase a nan medikaman oswa nan tretman pitit ou a. Enfimyè lekòl la bezwen enfòmasyon sa yo pou li ka byen trete pitit ou a.

Nou voye fòm dyabèt pou 2020-2021 yo avèk lèt sa a. Tanpri voye fòm sa yo pi vit posib. Nou rekòmande pou voye fòm pou medikaman dyabèt yo (Diabetes Medication Administration form, DMAF) **1ye jen 2020, oswa pi vit posib** Sa bay doktè lekòl la tan pou li gade fòm yo ak asire l pitit ou a resevwa sèvis ki apwouye yo nan kòmansman ane lekòl la an septanm 2020. Depi doktè w la fin ranpli fòm dyabèt yo, tanpri kole yon ti foto nan kwen goch anlè fòm lan pou idantifye pitit ou a kòrèkteman.

Voye fòm medikaman pou dyabèt la pa lapòs bay:

DMAF Coordinator
New York City Department of Health & Mental Hygiene
Office of School Health
Gotham Center
42-09 28th Street, CN-25
Queens, New York 11101-4714

Oswa ou ka fakse fòm yo nan 347-396-8945 oswa 347-396-8932. Tanpri asire ou fakse toude bò fòm lan.

Si pitit ou a genyen tou yon plan akomodasyon 504 ki anplas nan lekòl la, li ta bon pou voye fòm demand pou renouvèlman plan 504 ou a ba kowòdonatè 504 lekòl ou a pi vit posib. Ekip 504 la bezwen enfòmasyon sa a pou asire yo bay pitit ou a akomodasyon apwopriye. Sa pral pèmèt ekip 504 la fè yon reyinyon avan kòmansman ane lekòl la ak yon plan rekòmandasyon pou ki anplas pou ane lekòl 2020-21 an.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri pale avèk kowòdonatè 504 lekòl ou a oswa rele nan 718-310-2405.

Mèsi,

Dr. Cheryl Lawrence
Direktè medikal
Biwo sante lekòl